Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 31 (6551) 19 июнь 2017 с. Итни Рамазан 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазул махщалилаб байрам

**ХIурматиял сахлъи цIуниялъул хIалтIухъаби!**

Районалъул экономика борхизабиялъе ва социалияб рахъ цебетIезабиялъе гIоло хIаракатал гIуцIарухъаби ккола гIадамал. Гьезул сахлъи цIуниялъул хъаравуллъзаби руго нуж – медицинаялъул хIалтIухъаби. Инсанасул сахлъи бараб буго нужеда, нужер махщел-лъаялда, бажариялда, ракIбацIцIадаб захIматалда. Нужеца хIаракат бахъулеб буго унтаразе лъикIаб хъулухъ гьабизе. РакIчIараб буго хадубккунги бакълъулазул сахлъи цIуниялъул хъаравулзабаз щивав унтарасул баркалаялъе мустахIикъаб хIалалда хIалтIи гIуцIизе, гIадамазул тIалаб ракIбацIцIадго гьабизе букIиналда.

РакI-ракIалъ баркула сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабазда, щибаб соналъ хIурматалда кIодо гьабулеб медицинаялъул хIалтIухъанасул къо. Гьарула нужее талихI-рохелалъул цIураб халатаб гIумру, кидагосеб рохел, нужер макъу тараф, щивав инсанасе хIажатаб хIалтIулъ бергьенлъаби, махщалие камиллъи.

Бичанте кидаго нуж унтаразул баркалаялъул рагIабазе мустахIикъаллъун ва Гиппократил гьаялъе ритIухъаллъун хутIизе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Полициялъул участковиял инспекторазда баркула

Бакълъулазул росабалъ гIадлунизам цIуниялъул хъаравуллъуда ругел, гIодобе биччараб ахIвал-хIал, парахалъи букIинабизе хIаракат бахъулел полициялъул участковиял инспекторазда ракI-ракIалъ баркула гьезул махщалилаб байрам.

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, талихI, рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

## Зулмуялъул идеология тIибитIизе биччангутIиялъул суал

### Гумбет районалда тIобитIана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**“Гумбет район» муниципалияб администрациялда тIобитIана терроризмалда данде чIараб комиссиялъул данделъи. Гьеб бачана районалъул бетIерасул ишал тIуралев ХIайбула ГIабдурахIмановас. Данделъиялда гIахьаллъана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул членал ва халкъияб информациялъул алатазул хIалтIухъаби.**

Данделъиялда гьоркьоб лъуна районалда оперативиябгун профилактикияб «Защита» операция тIобитIиялъул хIакъалъулъ суал. КIалъазе вахъарав полициялъул майор **Шамил МухIамадовас** абуна гьеб операциялъул аслияб мурад кколин балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьоб законалда данде кколарел ишаздаса цIуни, гьезул ихтиярал ва закониял мурадал, гьединго терроризмалъул хIаракатчилъиялда гьорлъе ккеялдаса лъимал цIуни, нилъее данде кколареб идеология гIолилазда гьоркьоб тIибитIизе биччангутIи, хасго экстремизмалда ва терроризмалда хурхараб.



«ГIадамазе хIинкъи гьечIолъи букIинаби, рекъел цIуни ва щула гьаби-гьеб ккола жакъа кIвар бугеб аслияб масъала. Нилъ гIодоре риччан чIезе бегьуларо. Щивас кьеркьеи гьабизе ккола терроризмалда ва экстремизмалда данде, щивав нухмалъулес, щибаб жамгIияб гIуцIиялъ, гIадамаз дандрекъон кколеб, бажарараб хIалтIи гьабизе ккола терроризм, экстремизм гьукъиялъе. Районалда гIолилазулгун, халкъалъулгун хIалтIи гьабулеб буго ВатIан бокьулеллъун куцаялъул рахъалъ. Бищунго кIвар бугебллъун ккола гьеб хIалтIи гIадлу-низам цIуниялъул органазулгун цадахъ лъугьун гьаби»,-ян абуна кIалъазе вахъарав ХIайбула ГIабдурахIмановас.

«Терроризмалда дандечIараб комиссиялъул хIалтIи гIуцIулеб буго росабазул муниципалитетазгун, школазгун, маданиял учреждениязгун, гIадлу-низам цIуниялъул органазгун ва халкъияб информациялъул алатазгун цадахъ»-ян абуна районалъул администрациялъул бетIерасул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ заместитель **Малик Маликовас.**

Экстремизмалда, терроризмалда данде къеркьеялъул рахъалъ районалда гьабулеб бугеб хIалтIул бицана лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас,** райадминистрациялъул ишазул управляющиясул ГОЧСалъул рахъалъ заместитель **ГIабдурахIман Дайтмирзаевас,** опекаялъул ва попечительствоялъул рахъалъ бетIерай специалист **ПатIимат ГIумарахъаевалъ.**

Ахиралда къабул гьабуна хIукму.

**«Гумбет» РИО**

БАЙРАМ

## Россия – фашизмалда тIад бергьенлъи босараб улка

### Гумбет районалда тIобитIана Россиялъул къоялъул хIурматалда гургинаб стол

**Россиялъул къоги кIодо гьабун, Гумбет районалъул библиотекаялда тIобитIана «Ниж-Россиялъул патриотал» абураб темаялда гургинаб стол.**

Гьелда гIахьаллъи гьабуна централияб библиотекаялъул, Россиялъул гIадатияб маданиялъул Гумбеталъул централъул хIалтIухъабаз, тIахьал цIалулез. Гьенир кIалъаял гьаруна культураялъул отделалъул нухмалъулев **МухIамад ГIумардибировас,** ЦБСалъул цIалдолезул залалъул нухмалъулей **Хамсат Ибрагьимовалъ,** районалъул библиотекаялъул методист **Эзимат МухIамадовалъ,** лъималазул библиотекаялъул нухмалъулей **ПатIимат ХIусеновалъ,** библиотекарал **Раисат МухIамаднабиевалъ, Хадижат ГIабдунасировалъ.**

БатIи-батIиял темабазда Россиялъул байрамалъул кIваралъул бицана гьез.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Школазул тарих хъвалеб буго

-2 гьум.



Россиялъул къо кIодо гьабизе – МахIачхъалаялде

-2 гьум.



Лъималазул хвел гIодобе ккана

-3 гьум.



Дуца гьудуллъун ккве квер гIатIидаб «Гумбет» газета

-4гьум.

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.
Инхоса ПалиІ-хІажи

№ 31 19 июнь 2017 с.

БЕТІЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# Неофашизмалъул аздагъоборохь

### Нужго тІаде къулараб тІокІкІараб ицц кІочонге

22 июналда 76 сон тІубала инсаниялъул тарихалда жаниб бищунго гІасияб рагъ байбихьаналдаса. Гьеб вахІшилъи ургъарал ва гьабурал чагІи ккола немцазул фашистал, миллиял террористал. Диналъул цІаралдасайилан гІадамал чІваледасаги квешал руго миллаталъул цІаралдасанилан инсаниятго чуркъизе лъугьарал кІихІатІилал жанаварал. Неофашизмалъ бетІер борхулеб буго дунялалда. Гьезда нуж гьал чагІи ругоян, сахлъизе гІамал гьабеян абуни, гьезда рагІи абураздеги тІаде рала гьел, чакъалал гІадин, къокъабиккун. Амма гьеб нахъегІанаб идеология дунялалдаги киданиги бергьине гьечІо.

Гьелдаго цадахъ магІарул халкъалда рикІарулел, аваразул тарихалда сентІолел, лахІгІан чІегІерал гьерсал тІиритІизарулел къватІулъажалги камуларо. Цо-цояз болмацІалде гьарчал риччала, цогидаз росаби какула, лъабабилез магІарул миллаталъул хІубаллъун ругел гІадамазде гьегъ базе хІалбихьула.

БолмацІалъе ва гІаммго авар миллаталъе баркала кьезе ккола дагъистанияз. БолмацІ букІана аза-азар соналъ халкъазда гьоркьосеб мацІлъун ва жакъаги буго. Грузиялда Тбилисиялда бан буго гуржи мацІалъе ва алипалъе памятник. Гьеб буго лъикІаб мисал. МагІарул мацІги мустахІикъаб буго бокьараб памятник базе.

Интерненталъул квачІ базе щварабщинаб бакІалда аваралги авар мацІги какулел цо-цо гІаламатал кІихІатІилал жал загьирлъана ахираб заманалда. МагІарулазги магІарул мацІалъги жал чІвалел ругилан хъвалеб буго гьез. БолмацІалъ ва авар миллаталъ аза-азар соназ цІунана Дагъистан, тарих, гІадатгун гІамал. БолмацІалда букІана нус-нус соназ гІелмуги, назмуги, рукІа-рахъинги, пикруги, анищги. Жидеца лъим гьекъолел иццазде тударулел цо-цо хІарамзадаби рахъун руго гьанже. Гьелни квер хъвагІун тезе бегьилаан, гьезул рахъ кколел нус-нус чагІиги раккулел гьечІелани, загьру жубараб гьеб гьерсилаб агитациялъ жидер бутІрул сверизарурал.

БолмацІалъ нус-нус сон бана, гьеб лъазабуна, хІалихъе гуреб, гьелъул хІажалъи букІун. Нилъер халкъ чІухІизе бегьула болмацІалдасаги, тарихалдасаги, миллаталъул сахал гІадамаздасаги. Гьеб буго нилъер миллаталъул къанунияб ихтияр.

ГІизудинил ХІамзат

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧІЧІАНИ…

# Школазул тарих хъвалеб буго

### Бакълъул мухъалъул администрациялда тІобитІараб данделъиялда гьеб ишалъулъ мухІканлъи тІалаб гьабуна

**Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухІамадовасул буюрухъалдалъун, учительзабазда гьоркьоб лъазабун буго «Дир школалъул тарих. КІочонарел цІарал» абураб темаялда цІех-рехалъул хІалтІабазул конкурс.**

Бахъун буго конкурсалъул хІакъалъулъ положение. ГІуцІун буго гІуцІиялъулаб комитет ва жюри. Гьелъул председатель ккола «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель **АхІмад Сулайманов**, председателасул заместитель – районалъул лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухІамадов, членал- районалъул лъайкьеялъул отделалъул хІалтІухъаби **Загьра ГІабдулаева, Сурхаев, Загьид ХІусейнов,** лъималазул творческияб рукъалъул нухмалъулей **Заира Базарганова,** пагьму-гьунар бугел лъималазул интернаталъул нухмалъулев **Лабазан ХІажиев.**



Районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель АхІмад Сулаймановасул нухмалъиялда 14 июналда тІобитІана комиссиялъул членалги гІахьаллъун данделъи. Гьениб Сулайманова жиндирго кІалъаялда абуна: «Щибаб школалъул букІине ккола хадусел гІелазда лъазе тарих. Гьеб мурадалда лъазабураб буго «Дир школалъул тарих. КІочонарел цІарал» абураб темаялда хІадуриялъе конкурсги. Загьир гьаризе ккола бакълъулазе лъайи тарбияги кьезе рачІарал гІурус учительзабиги, нилъерго районцоялги. РакІалде щвезаризе ккола жидеца махщелги, рокьиги, къуватги мугІалимлъиялъул хІаракатчилъиялъе гІемерал соназ кьурал гІадамал. Гьаридго лъазабизе ккола школалъул тарих.

Гьанжеялде бачІун буго ЦІияб Аргъвани, Килалъ, ЧІиркъатІа, Игьали, Лъанлъари, Кунзахъ школазул тарихалъул хІакъалъулъ хъварал материалал. Комиссиялъ гьел, рагІа-ракьанде щун, гьорлъе гьаваридго раккун хъван гьечІолъиялъ, гІей гьабулареллъун рикІкІана. Рехсарал школазул нухмалъулезги тарих гІелмуялъул мугІалимазги конкурсалъе материал цІидасан хІадуриялъе, жеги комиссиялде материал битІичІез, кватІизе течІого хъваялдеги кІвар кьезе кваригІун буго», - ян.

Къурмагъиз ХІадисова

ЖАМГІИЯТ

# Сакъатасе-коляска

### Гьоркь Инхоса Сайпулагь КъадагІалиевасул гьари тІубана

**Апрель моцІалъул ахиралда Гумбет районалъул гьоркьияб мухъалъул росабалъе избирателалгун дандчІвазе вачІун вукІана Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухІамад ГІалиев.**

Гьоркь Инхо росулъ гьес тІаде къабул гьавуна тІоцебесеб группаялъул инвалид, 24 соналъ цеве гьотІодасаги вортун сакъатлъарав Сайпулагь КъадагІалиев. Гьебщинаб заманалъ Сайпулагь колясказда гурони хьвадичІо. ДандчІваялда гьес депутатасде гьарана жиндие кьезе кколеб коляска щвезе кумек гьабеян. НурмухІамадица кумек гьабизе рагІи кьун букІана. Гьал къоязда Сайпулагьие щвана цІияб коляска. НурмухІамад ГІалиевасе баркала кьураб кагъат газеталда хъваян гьарана гьес. Пачалихъалъ унтаразе, сакъатазе кьезе рихьизарурал дарабаздаги, цогидабщиналдаги хадур рекерахъдизе ккун, тІадеги ракІбакъвазабулеб буго унтаразул. ГІумруялъе чара гьечІого хІажатал дараби щвечІого цо-цо гІадамазул унеб буго анлъго моцІ, щибаб моцІие рихьизарурал дараби кире унел, лъазе бокьилаан.

Исрапил Заирбегов

ГІЕЛМУ – ХІИКМАТ

# Учительзабазе грантал кьуна

**МухІамад ГъалбацІов вукІана Гумбет районалда гІезегІан машгьурав чи, мугІалим, жамгІияв хІаракатчи, цо чанго гІел куцарав тарбиячи, Дагъистан Республикаялъул мустахІикъав учитель. ГІезегІан заманалъ гьес нухмалъи гьабуна Килалъ росдал школалъе.**

ГІадамал хирияв, гІаданлъи бугев вукІиналъ, киназго адаб-хІурмат гьабулаан гьесул. Гьесул лъималаз инсул хІурматалда гІуцІун буго хьизаналъулаб фонд, лъайкьеялъулъ квербакъиялъул мурадалда. Исана лъабабилеб сон буго фонд гІуцІаралдаса. Щибаб цІалул соналъул ахиралда учительзабазул хІалтІул хІасилалги гьарун, бергьаразе кьола фондалдаса гІарцул грант, цо соналъ ЦІияб Килалъ ругел учительзабазе. Хадусеб соналъ Килалъ ругел учительзабазе. Араб соналъ ЦІияб Килалъа учительзабазе кьуна фондалдаса грантал. Гьале исана грантал кьуна Килалъ ругел мугІалимзабазе, гьез лъайкьеялъулъ лъураб бутІаялъухъ. Гранталъул къадар чІезабун букІана лъабазарго гьуруц. Грантал щвана учительзаби **Загьидат КъурамухІамадовалъе, МухІамад НухІиевасе, МухІамад МухІамадовасе, МухІамадрасул МухІамадовасе, ПатІимат ИсубхІажиевалъе.** Грантал кьуна Килалъ росдал администрациялъул бетІер **АхІмад Каримовас.**

Исрапил Заирбегов

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# ГІемелтІа ахикье – цІияб кьо

### Нухлул хъулухъчагІаз ахихъанлъиги цебетІезабулеб буго

**Сахро МухІамадовасул нухмалъиялда Гумбет районалъул Гьоркь Инхо росдал гІолохъаби гьиралда хІалтІулел руго ГІемелтІа ахикье кьо бан лъугІизабиялда тІад.**

ГІорул кІиябго рахъалда сакалги ран, чІун хутІун букІана гьениб хІалтІи, тІасан лъезе кьоги щвечІого, хІалтІи чІаниги, инхвал чІун рукІинчІо, гьез цІехолеб, балагьулеб букІана саказда тІад лъезе кьо. Гьеб букІана росдаего хІажатаб иш. Гьеле гьенив инхдерие хІалае ватана Дагъистаналъул нухазул управлениялъул нухмалъулев Загьид Хочбаров. Гьес инхдерие сайгъат гьабуна 33 метр халалъиялда, ункъо метр гІеблъиялда бугеб кьо. Гьеб кьо бакІалде рехизеги саказда тІад рекъезабизеги техникиял сурсатаздалъун кумекги гьабуна. ХутІараб хІалтІи гьабулеб буго росдал гІолохъабаз. ГІагараб заманалда гьеб лъугІила ва машинаби хьвадила жиде-жидер ахикье. Гьеб ГІемелтІа абулеб бакІалда, инхдерил гІадамазул рагІабазда рекъон, буго гІагарго 100 гІанасеб гектар лъикІаб бачІин кьолеб ахалъул. Гьеб ах хІалтІизабизеги бачІин бакІаризеги кІудияб кІвар бугеб хІалтІи ккола гьеб кьо бан рагІалде бахъин. Жидее гьабураб кумек кІочонел чагІи гьечІо инхвал, гьез кІудияб адаб-хІурматалда рехсолеб буго Загьид Хучбаровасул цІарги гьесул квер гІатІилъиги.

Исрапил Заирбегов

МАДАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# Россиялъул къо кІодо гьабизе – МахІачхъалаялде

**Гумбет районалъул вакилзаби МахІачхъалаялде ун рукІана 12 июналда Россиялъул Федерациялъул суверенитеталъул хІакъалъулъ декларация къабул гьабураб къо кІодо гьабизе.**



ЦІад балеб къо букІаниги, Ленинилаб комсомолалъул паркалдаса бахъараб республикаялъул аслияб байданалде щвезегІан нухде ракІарун рукІана гІемермиллатазулаб республикаялъул киналго букІназдаса гІадамал. Россиялъул къо кІодо гьабулаго, тахшагьаралда цере рахьана къурди-кечІалъе гьунар бугел махщалилал.

«Гумбет» РИО

ТIИБ. НИЖЕР НАКЪИТ

# Лъималазул хвел гIодобе ккана

### Бакълъул мухъалъул аслияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадов: «ЗахIматал операциял гьаризе шартIал гIуцIана»

**Щибаб соналъ июнь моцIалъул лъабабилеб гьатIан къоялъ жидерго махщалилаб байрамалда дандчIвай гьабула сахлъи цIуниялъул хIалтIухъабаз. Жакъасеб номералда кьолеб буго Бакълъул мухъалъул аслияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовасулгун гара-чIвари.**

**- МухIамад, тIоцебесеб иргаялда баркула нужеда нужер махщалилаб байрам – сахлъи цIуниялъул хIалтIухъанасул къо. Кинаб ахIвал-хIал бугеб жакъа больницаялда. Специалистазулги, медицинаялъулаб оборудованиялъул рахъалъги кинаб хIал бугеб?**

- Гумбет районалъул сахлъи цIуниялъул идарабазда гъорлъе ккола ЦРБ, районалъулаб поликлиника, ункъо участковияб больница (Игьали, Инхо, Аргъвани, ЧIиркъатIа), гьединго 21 ФАП ва ФП. ХIалтIулев вуго кинавниги 341 хIалтIухъан. Гьездасан - 41 тохтир, 146 гьоркьохъеб лъаялъул медхIалтIухъан (1947 соналда районалда хIалтIулев вукIун вуго цо тохтирги 5 гьоркьохъеб лъаялъул медхIалтIухъанги).

Исана 41 тохтирасдасан щугояс ва 26 гьоркьохъеб лъаялъул медхIалтIухъанас, хасал курсазде ун, жидерго лъай борхизабуна. Гьединго республика тун къватIиса районалъе хIадур гьавуна сертификат бугев лъималазул цаби-гIусазул тохтир ва чIахIиязул рекIел унтабазул (кардиолог) тохтирги.

Категория щун буго тохтирзабазул 31,7, гьоркьохъеб лъаялъул медхIалтIухъабазе 40,5 проценталъе. Сертификат бугел тохтурзабазул къадар 96, гьоркьохъеб лъаялъул медхIалтIухъабазул 80,3 проценталде бахуна. Поликлиникаялда тIубанго оборудованиялдалъун хьезабуна берзул тохтирасул кабинет. Гьенибе босана берзул тIадецуй борцунеб цIияб аппарат, хIажатазе цIороберал хъвазе линзабазул набор, электрическияб офтальмозскоп, маклакоповул аппаратал.ЦIияб оборудованиялдалъун хьезаруна ЦРБялъул физкабинет. ЦРБялъе ва участковиял больницабазе росана пульсоксиметрал. Инхо участковияб больницаялъе ва поликлиникаялъе ЕКГ - аппаратал. Больницаялъ босизе кколаро нусазарго гъурущалдаса тIаде багьа бугел аппарат. Гьеб централизованнияб къагIидаялъ кьезе ккола сахлъи цIуниялъул министерствоялъ. Гьединаллъун ккола цифровияб рентген, флюорография, лапароскоп аппаратал, биохимический, клинический, автоматический, магиограф анализаторал.



**- ФОМСалъ дараби чIезарулищ? Гьел росизе гIарац биччалеб бугищ?**

- Дараби росизе нижее Дагъистан Республикаялъул закупкапазул рахъалъ пачалихъияб комитеталъ фирма бихьизабун буго. Жакъа райбольницаялъул аптекаялда буго 467 батIияб дару, гьезда гьоркьоса 407 - чара гьечIого гIумруялъе хIажатаб. Республикаялъул больницабазде данде ккун, абизе бегьула дарабаздалъун хьезари кveш гьечIин. ЦIакъго хIажатаб дару хехаб къагIидаялъ заказ гьабунги бачIуна.

**- Рази вугищ мун участковиял больницабазул, ФАПазул хIалтIудаса? Ратила лъикI хIалтIулелги…**

- Киналго участковиял больницаби гуро хIалтIулел ругел цого даражаялда. ЛъикI хIалтIулел руго Инхо ва ЧIиркъатIа участковиял больницаби. ХIалтIи къадарго гIуцIун буго Аргъвани ва Игьали участковиял больницабазда. ЛъикI хIалтIулезда гъорлъ рехсезе бокьун буго Бакьулъ Гьарадирихъ, ЛъаратIа, Кунзахъ, Ингишо росабалъ, ЦIияб ЦIиликь ва Аргъвани росдал Нанибика хъутаналда ругел медхIалтIухъаби.

**- ХIалтIулъ кинал хIасилалгун дандчIвай гьабулеб бугеб байрамалда? Лъил цIарал рехсезе мустахIикъал ругел?**

- Нижеца байрамалда дандчIвай гьабулеб буго лъикIал хIасилалгун ва бергьенлъабигун. Ахираб анцIго соналда жаниб гIодобе ккана лъагIел бачIел лъималазул хвел 11,8 проценталъ. Гьединго районалда тIоцебе гьабуна инфакт ккарав унтарасе тромболизис. Байбихьана районалда цере гьаруларел рукIарал операциял гьаризе. Исана тIоцебе Гумбет районалда захIматго унтарасе хъулухъ гьабуна анкьго къоялъ ИВЛ-аппараталъ. ТIадехун рехсарал хIужабазда гъорлъ гIахьаллъи бугел тохтурзабазул ва гьоркьохъеб лъаялъул медхIалтIухъабазул цIарал рехсезе бокьун буго.

Гьел ккола тепаревт Камил Расулов, хирург ГIабдулбасир Жамалудинов, акушер-гинеколог Мадина Къебедова, педиатр Марям Жанахъаева, анестезиолог Хизри МухIамадов. Гьоркьохъеб лъаялъул медхIалтIухъаби – операционнияй сестра ПатIимат МухIамадова, акушеркаби Алписат МухIамадова, Аминат ТIайгибова, медсетраби: терапиялъул ХIавра РурухIмаева, лъималазул отделениялъул – Мадина ГIабдулаева, инфекциялъул -Зугьра Сайпулаева, хехаб кумекалъул - Айзай МухIамадова. Гьединго -ЧIиркъатIа участковияб больницаялъул акушерка ХIурия ГIисаева, Инхо участковияв педиатрасул медсестра Салимат Асадулаева, Игьали участковияб больницаялъул процедурная медсестра Асият Ибрагьимова, Гьарадирихъ ФАПалъул медсестра ХIапизат ГIалихIажиева, ЦIияб ЦIиликь - ГIайшат Дарбишова ва гьединго ЦРБялъул бетIерай медсестра Тамари МухIамадова.

**- Байрамги баркулаго, киналго медхIалтIухъабазе щиб дуца гьарилеб?**

- Киналго медхIалтIухъабазда дица ракI-ракIалъ баркула махщалилаб байрам. Гьарула щивасе чорхое сахлъи, талихIаб, рохалилаб гIумру, гIадамасул сахлъи цIуниялъул ишалъулъ икъбал. Аллагьас киналго цIунаги къварилъи-балагьаздаса.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

ХIАСРАТАБ РОКЬИГИ БОРКЬАРАБ ЦЦИНГИ

# Гитлерил маргьаби гьородахъ риччана

### 22 июнь – пашманлъиялъул ва ракIалде щвеялъул къо

**1941 соналъул 22 июнь – шамат къо, нилъер улкаялъул халкъалъул ракIазулъ даимго хутIана чIегIераб къолъун. Ракълилаб къотIиги хвезабун, кIудияб рагъулаб къуватгун Совет Союзалда тIаде кIанцIана гитлерилаб Германия. Гьале 76 сон тIубалеб буго фашистал тIаде кIанцIаралдаса**.

Хъамалчилъиялъулаб чабхъен гьабураб гитлерилаб фашизмаялъ гьоркьоб къотIизабуна нилъер улкаялъул халкъалъул ракълилаб гIуцIарухъанлъиялъулаб захIмат. Нилъер ВатIаналда тIад, чIегIераб накIкIлъун тIибитIана хвалилаб хIинкъи.

Нилъер ВатIаналъул гIорхъабазде цIан букIана, Европаялъул чанго пачалихъ бидул хIориниб тIерхьинабураб, кутакалда яргъид гIуцIараб, 5,5 миллион чи гъорлъе вачараб, 190-гIан фашистазул дивизия. Гьезул рагъулаб группировкаялда рукIана 47-азаргоялдаса цIикIкIун гIарадагун минометал, 4,3-азаргогIан танкал ва штурмовикал, гьединго щуазарго рагъулаб самолет.Гьеб къуваталде данде чIун букIана СССРалъул бакътIерхьул гIорхъабазда ругел рагъулал округазул 26 миллион солдатгун офицер, 37- азарго гIарадагун миномет, 1457 танк, 1540 рагъулаб самолет ва цогидабги.«Рахъа дида хадур, харабазул тIел, хиянатаб квералъ каву рагьанин. Цадахъ ярагъ борче, бихьинал, цIуял, ЦIогьахъе гьужумал жанир лъугьанин. Рекъел биххилелде хвалчен бахъарав, хиянатчиясда данде рахъинин. Договор хъвараб квер цIадаб бегьарав, ЦIуяв Гитлерие жаваб гьабизин», - гьедин хъвана, фашистаз нилъер ВатIаналъул гIорхъи бахиндал, авар литератураялъул классик, Дагъистаналъул халкъияв шагIир, ЦIадаса ХIамзатица.

ВатIан цIунизе рахъана советиял гIадамал, гьездаго цадахъ дагъистаниял, нилъер бакълъулал рухIалда барахщичIого рагъана тушманасда данде. Европаялъул гIемерал пачалихъал мутIигъ гьарурал фашистазул, СССРги мутIигIлъизабизе букIараб анищ тIубачIо. Щибаб миллаталъул гIадамал цоцалъ гъункун, цадахъ лъугьун къеркьана бергьенлъиялъе гIоло. 1418 сордо-къоялъ халатбахъараб, вахIшилъиялъул рахъалъ жеги инсаниятаалъул тарихалда букIинчIеб гьеб рагъул хIасил лъаларев чи нагагьги ватиларо. ВатIанияб рагъул щибаб къо, щибаб лъугьа-бахъин букIана советиял рагъухъабазулги, тылалъул захIматчагIазулги къвакIиялъул, къохIехьеялъул, багьадурлъиялъул кIочонареб къиссалъун.

Лъагеги хадубккун нилъеда рагъул кьогIлъи, щулалъаги халкъазул ваццлъи, гьудуллъи. Амин.

**Къурмагьиз ХIадисова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Россия -дир чIухIи, Дагъистан- дир хьул, Гьезул рокъоб рекъел- гьеб нижер анищ!

**Россиялъул къо кIодо гьабун, Гумбет районалъул Килалъ росдал маданияб централда тIобитIана дандеруссин «Россия мун нижер ракIазул чIухIи» абураб ахIиялда гьоркь.**

Дандеруссиналда гIахьаллъана росдал гIолилал, ясли-ахалъул лъимал, росдал учреждениязул хIалтIухъаби.. Баркиялъулаб кIалъай гьабуна росдал администрациялъул бетIер **АхIмад Каримовас.** Гьес гIатIидго бицана байрам бижиялъул гьанжесеб тарих. Баркиялъулал кIалъаял гьаруна ясли-ахалъул заведующая Курсанат ХIабибовалъ, районалъул жанисел ишазул отделалъулучастковияв инспектор ГIусман ГIусмановас. Россия кIодо гьабун шагIирзабаз хъварал кучIдул цIалана гIолилаз, ясли-ахалъул лъималаз бихьизабуна кьурдизе жидерго бугеб гьунар.

**Исрапил Заирбегов**

ТIИБ

# Тохтурзабаз хвасар гьавуна

### Лъанлъариса Муслим Ибрагьимовасе захIматаб операция гьабуна

**ТалихI къосараб иш ккун, нижер вас Муслим Ибрагьимов захIматаб хIалалде ккун вукIана, МахIачхъалаялде яги Гумбет районалъул больницаялдецин гьев вачине бегьулеб хIалалда вукIинчIо. Игьали участкаялъулаб больницаялда тезе ккана, шуризавизе бегьичIого.**

Игьалире хех тIаде щвана районалъул больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадов, хирург ГIабдулбасир Жамалудинов, тохтурзаби МухIамадхIабиб Абакаров, Хизри МухIамадов. Игьали участкаялъул больницаялда гьабуна 14 сон барав Муслимие операция, республикаялдаса рачIарал специалистазгун цадахъ хIажатаб оборудование больницаялдаса цадахъ босунги бачIун.

Релъедагун къадги унтарасдаса аскIоса нахъе инчIого, чIана райбольницаялъул тохтурзабиги Игьали участкаялъулаб больницаялъул бетIерав врач ГIумар МухIамадовги. ЗахIматго унтараб 7 къо Игьали больницаялда бан хадуб, Гумбет районалъул нухмалъулез тIалаб, кумек гьабиялдалъунги, республикаялъулаб централияб больницаялъул нейрохирургиялъулаб больницаялда вегизавизе рес щвана. Гьанже Муслимие мадар лъугьун буго. Аллагьасул хIалкIолъиялдалъунги, тохтиразул махщелалъги, заманалда кумек щвеялъги захIматго вукIарав гьев хвалил квачIикьа ворчIана.

Бокьун буго ракIракIалъулаб баркала кьезе Гумбет районалъул нухмалъулезе, операция гьабуразе, унтарасе хъулухъалъе рахъун чIарал киналго медхIалтIухъабазе. Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги.

**Ибрагьимовазул хъизан, Лъанлъари росу**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Проверки уставов мечетей

**Прокуратурой Гумбетовского района проведены проверки соответствия уставов мечетей, функционирующих на территории Гумбетовского района.**

Проведенной проверкой установлено, что в уставах религиозных организаций, закреплено право на создание так называемых «маслиатских» судов и дружин, что противоречит Конституции Российской Федерации и Федерального закона от 02.04.2014 № 44-ФЗ «Об участии граждан в охране общественного порядка».

По выявленным нарушениям законодательства, прокуратурой района на противоречащие федеральному законодательству и Конституции Российской Федерации уставы мечетей с. Аргвани, с. Верхнее Инхо, с. Данух, с. Тлярата, с. Нижнее Инхо, с. Ново-Аргвани, с. Чирката, с. Читль, с. Шабдух, принесены протесты.

**Шамил Магомедов,**
**и.о. прокурора Гумбетовского района юрист 1 класса**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

## Электронные услуги. Что? Как? Зачем?

**Регистрация граждан на портале государственных услуг дает возможность гражданам получать государственные и муниципальные услуги в электронном виде, не выходя из дома.**

В процессе регистрации, население района знакомят с преимуществами получения электронных услуг. Теперь, используя интернет можно записаться на прием к врачу, оформить загранпаспорт, получить свидетельство о регистрации брака, провести регистрацию права собственности, произвести постановку автотранспорта на учет, узнать о своих пенсионных накоплениях, о налоговых задолженностях, о наличии возбужденных исполнительных производствах и получить многие другие услуги. Конкретно, школьники, зарегистрированные на портале Госуслуг, смогут получить в электронном виде результаты ГИА и ЕГЭ.

Сегодня на портале, в электронном виде доступно более 500 услуг. Это означает, что услуга полностью, включая получение результатов, осуществляется через интернет. Для её получения не требуется бумажных носителей (документов, справок, заявлений и так далее) и личного присутствия гражданина в ведомстве, оказывающем услугу.

Это всё здорово, подумает житель района, но только зачем «электронные услуги» нам, простым потребителям?

Во-первых, всё это делается для того, чтобы мы могли зайти к чиновникам всего один раз (а в будущем, по возможности, и вовсе не появляться у них), чтобы получить документ, который до сих пор ещё остаётся бумажным с синей печатью и подписью.

Во-вторых, гражданин как пользователь госуслуги не обязан разбираться в том, за какой бумагой куда надо идти, а когда пришло время, посетить Пенсионный фонд или налоговую инспекцию, хотя, казалось бы, изначальный вопрос далёк от этих ведомств.

В-третьих, портал государственных услуг обеспечивает гражданам удобный и простой доступ к информации о том, как быстро и удобно получить те или иные услуги в органах исполнительной власти и местного самоуправления.

Кроме того, с 1 января 2017 года зарегистрированные пользователи Единого портала госуслуг смогут получить скидку 30% при оплате госпошлины за получение федеральных услуг. Так, например, сейчас госпошлина за заграничный паспорт нового образца на 10 лет составляет 3500 рублей. При оформлении его и оплате госпошлины через портал заявитель оплачивает эту госпошлину со скидкой 30%, а это минус 1050 рублей. Итоговая сумма составит лишь 2450 руб.

С целью регистрации на портале госуслуг, любой гражданин района от 14 лет (т. е. получивший паспорт), может обратиться в Центры обслуживания, которые открыты в администрации района, в филиале МФЦ, а также в администрациях сельских поселений района.

**МФЦ**

В НАЧАЛЕ БЫЛО СЛОВО

## Глаголом жги сердца людей

### Организаторы конкурса поэзии в Италии поблагодарили министра культуры Зарему Бутаеву за поддержку

**Министр культуры Дагестана Зарема Бутаева 8 июня встретилась с коллективом Союза писателей республики. Руководителю ведомства вручили медаль и специальный диплом международного конкурса поэзии «Парнас – премия Анджело ла Векькья» в Италии за патронаж и поддержку поэзии. Организаторы конкурса также прислали министру благодарственное письмо, в котором подчеркнули, что в лице министра культуры Дагестана «культурная ось Запад – Восток продемонстрировала вдохновляющую силу поэзии, перешагнув далеко за пределы любых культурных барьеров».**

Отметим, что в 2016 году при поддержке Министерства культуры Дагестана в рамках конкурса была учреждена специальная номинация имени Расула Гамзатова. Всего в конкурсе принимали участие 340 поэтов из 15 стран со смешанным жюри, координированным народным поэтом Дагестана Мариной Ахмедовой. Табасаранская поэтесса Сувайнат Кюребекова представила на конкурсе стихотворение «У памятника матери в Дербенте» и одержала победу. Второе место в номинации имени Р. Гамзатова получило стихотворение итальянского поэта Франческо Ло Кассио – «Крушение», а третье место заняла аргентинская поэтесса Сусана Ривьер с произведением «Недра».

Председатель Союза писателей Магомед Ахмедов, вручая награду министру культуры РД, подчеркнул ее большой вклад в дагестанскую культуру и поблагодарил за поддержку писательского сообщества.

В это же день Сувайнат Кюребекова была награждена медалью, дипломом и специальным сертификатом конкурса. Она также получила несколько экземпляров поэтической Антологии, в которую вошли ее стихи, занявшие первое место, на табасаранском, английском и итальянском языках.

Министр культуры, вручая награду табасаранской поэтессе, поздравила в ее лице всю дагестанскую поэзию, получившую высокую оценку международного поэтического конкурса.

«Министерство культуры с радостью откликнулось и оказало поддержку участникам такого престижного конкурса. Особая благодарность Магомеду Ахмедовичу за ту огромную работу, которую проводит Союз писателей Дагестана. Марине Анатольевне, которая непосредственно представляла на этом фестивале нашу республику. Сегодня Глава республики Рамазан Гаджимурадович Абдулатипов поддерживает нас. С недавних пор, благодаря его инициативе у писателей появился свой дом – Театр поэзии. Руководство республики и дальше намерено поддерживать ваши добрые начинания, принят закон о творческих работниках и творческих союзах РД. Искреннюю благодарность выражаю всем представителям писательского сообщества за вдохновенную работу и преданность своему делу. Надеюсь, что еще не один раз мы так громко и ярко будем заявлять о своем родном Дагестане», - сказала Бутаева

**Пресс-служба министерства культуры Дагестана**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

### Платить за коммунальные услуги через терминалы МФЦ – быстро, удобно и надежно

**С помощью терминалов, расположенных в МФЦ, можно за считанные минуты провести оплату за газ, свет, мусор и другие коммунальные услуги. Вы можете это сделать самостоятельно или с помощью специалиста центра. Принцип операции прост:**

- Выбираете из перечня нужный пункт оплаты;
- Набираете во всплывшем окне номер лицевого счета;
- Вводите показания счетчика
- Вносите сумму задолженности, нажимаете кнопку «Оплатить».

Кроме коммунальных услуг, через терминалы можно оплатить все виды налогов, штрафы ГИБДД, госпошлины и ряд других платежей. Более подробную информацию можно узнать в филиале МФЦ по Гумбетовскому району. Для этого вам необходимо посетить наш центр или обратиться по телефону Call-Centra: 8 938 777 82 92. Мы всегда готовы решить Ваши жизненные проблемные вопросы!

**МФЦ**

КЪАЛАМ ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## Дуца гьудуллъун ккве квер гIатIидаб «Гумбет» газета

### Подписка – 2017 (кIиабилеб бащдаб лъагIел)

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие нилъерго районалъул «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула почалъул отделенияздасанги «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.**

**ХIурматиял росабазул поселениязул бутIрул, газета цIлулел! ХIаракат бахъе 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газеталъе подписка гьабизе.**

**Газеталъул багьа: почалдасан 199,86 гъурущ, редакциялдасан 100 гъурущ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.